

PLAN PREVANSYON POU FANMI



Prepare Fanmi w pou Kontwòl Imigrasyon

Pou fè dokiman sa a, yo itilize Pake Prevansyon pou Fanmi Eta Connecticut te kreye an 2019 ak sipò ajans ak òganizasyon nou pral site yo ki bay sèvis san objektif pou fè lajan: Biwo Gouvènè Ned Lamont, Depatman Pou Timoun ak Fanmi, Depatman Lojman, Depatman Sèvis Ijans ak Pwoteksyon Piblik, Depatman Sante Piblik, Depatman Nasyonal Edikasyon, Biwo ki Pran Ka Timoun Piti, Tribinal Omologasyon nan Connecticut, Vil New Haven, Biwo Meri, Asistans Jiridik nan Greater Hartford, Asistans Jiridik nan New Haven, Sèvis Jiridik nan Connecticut, Group Jiridik nan Hartford, Gwoupman pou Aksyon Pwogresif, epi Etidyan Connecticut pou yon Rèv.

Klinik gratis pou Patenarya ant Sektè Medikal ak Lajistis nan Lekòl dwa Yale te fè dènye chanjman yo nan mwa Desanm 2024 la.

Plan Prevansyon pou Fanmi *Prepare Fanmi w pou Kontwòl Imigrasyon*

Si ou enketeye sou sa ki ka rive pitit ou si yo arete w oubyen depòte w, ou ta dwe prepare yon

plan familyal. Nou espere ou pa p janm bezwen itilize plan w lan, men si ou gen youn, sa ka ede w redui estrès pou w ap reflechi sou malè ki ka rive britsoukou. Epi sonje, si pitit ou yo te fèt Etazini, se sitwayen ameriken yo ye.

Pake sa a gen ladan tou, enfòmasyon sou ki kote pou w jwenn bon èd jiridik nan zafè imigrasyon ak lòt resous itil.

Men kisa ou ka fè jodi a

Ou ka deside jodi a w ap kòmanse prepare yon Plan Prevansyon pou Fanmi an. Ou pa bezwen yon avoka pou w poze aksyon enpòtan sa yo:

- ♦ Jwenn yon granmoun ou fè konfyans ki ka okipe pitit ou si w pa kapab. Pale ak moun sa a pi vit posib sou volonte w.
- ♦ Ranpli yon fòmilè Deziyasyon Gadyen ki Fyab. Fòmilè sa a bay moun ki pral okipe pitit ou a kapasite pou l pran anpil desizyon ofisyèl pou pitit ou.
- ♦ Konplete yon plan pou pran swen timoun ki gen ladan nimewo telefòn ijans ak lòt enfòmasyon enpòtan. Mete li kote ou konn sere dokiman enpòtan.
- ♦ Chwazi yon Reprezantan Legal. Fòmilè sa a bay moun ou nonmen an pouvwa sou finans ou.

Pake sa a gen ladan modèl pou rasanble dokiman sa yo. Si ou chanje lide apre ou fin ranpli fòmilè yo, pake sa a tou gen plizyè fòmilè anilasyon ou ka siyen pou anile chwa sa yo.

Men kisa ou ka fè ankò

Lwa sou imigrasyon konplike, kidonk, l ap nan avantaj ou si w pale ak yon avoka ki gen lisans. Yon avoka ka ede w ak anpil bagay tankou:

- ♦ Evalye opsyon ou genyen selon sitiyasyon w ak imigrasyon, tankou chèche konnen si ou kalifye pou w jwenn yon grinkat (green card), viza oswa pèmi travay;
- ♦ Reprezante ou nan ka depòtasyon; epi
- ♦ Ede w idantifye lòt zouti jiridik ki ka ede fanmi w, tankou diferan kalite gadyen oswa aplike pou Estati Jeneral Imigran espesyal pou yon timoun.

Pake sa a gen ladan enfòmasyon sou kijan ou kapab jwenn epi angaje yon avoka, epi kijan pou w fè pou w pa viktim magouy nan sèvis imigrasyon (notario fraud).

Dosye ki Gen Dokiman Enpòtan

Kenbe yon dosye pou tout dokiman sa yo oswa sere yon kopi dokiman sa yo yon kote ki an sekirite. Di pitit ou, manm fanmi w ak gadyen ki fyab la ki kote pou yo jwenn dosye sa a nan ka ijans. Ou pral bezwen bay kopi Deziyasyon Gadyen ki Fyab la nan lekòl pitit ou ak doktè prensipal pitit ou pou achiv pa yo.

Fòmilè ki nan pake sa a

- Enfòmasyon Enpòtan sou Timoun yo
- Nimewo Kontak nan ka Ijans ak Efòmasyon pou Kontak Enpòtan
- Enfòmasyon ki Itil pou w Konnen (Metete Non Pitit ou)
- Deziyasyon Gadyen ki Fyab pou Paran ki Poukont li
- Deziyasyon Gadyen ki Fyab pou Toulède Paran yo
- Reprezantan Legal
- Fòmilè Anilasyon Estati Gadyen ki Fyab la ansanm ak Reprezantan Legal la (Si ou ta vle chanje lide)

Lòt Dokiman Enpòtan

- Enfòmasyon medikal timoun yo, ki gen ladan asirans sante, lis medikaman, ak enfòmasyon pou kontakte doktè
- Paspò yo
- Batistè yo
- Ak maryaj (si li valab)
- Nenpòt Avi pou Respekte Distans ou genyen pou tèl lòt moun pa rete nan menm espas avè w (si li valab)
- Nimewo A: Nimewo imigrasyon oswa etranje (w ap jwenn li sou dokiman imigrasyon w, ki gen ladan yon pèmi travay, grinkat (green card), viza ak nenpòt dokiman USCIS oswa ICE)
- Kopi lisans w ak/oswa lòt kat Idantifikasyon
- Kat Sekirite Sosyal oswa nimewo ITIN
- Sètifika nesans (pou timoun ki fèt Etazini ki anrejistre nan peyi paran an) (si li valab)
- Nenpòt lòt dokiman ou ta ka bezwen jwenn byen vit

Plan Swen Timoun

Deside ki moun ki kapab okipe pitit ou si w pa kapab

Pale ak moun ou ta vle ki pran swen pitit ou epi asire w yo konnen non yo ap nan lis kòm kontak nan ka ijans. Aprann nimewo telefòn yo pakè epi fè pitit ou aprann li tou.

Asire w pitit ou yo konnen kiyès ki gen dwa al chèche yo lekòl, kiyès tou ki pa gen dwa al chèche yo, epi sou kont kiyès y ap ye.

Lekòl pitit ou a ka sèlman remèt pitit ou bay granmoun ou chwazi an. Asire w ou toujou fè suivi pou w mete ajou tout lekòl, gadri, kandete, transpò, ak lòt pwogram ki gen fòmilè pou bay kontak nan ka ijans ansanm ak fòmilè ranvwa kote yo make non moun ki kapab e sila yo ki pa kapab vin chache pitit ou. Si ou gen yon avi pou respekte distans kont nenpòt moun, asire w ou bay yon kopi nan lekòl la.

Asire w moun ki al chèche epi pran swen pitit ou, konnen ki kote pou li jwenn pitit ou. Bay moun sa yo yon kopi orè semèn pitit ou, sitou si li varye chak jou.

Pale ak Pitit Ou Sou Plan Ou Genyen

San w pa enkyete yo, asire pitit ou y ap pran swen yo si ta gen yon kèlkonk rezon ti ta fè w pa kapab, menm pou yon ti tan. Fè yo konnen ki moun k ap okipe yo jiskaske ou kapab. Di pitit ou a ki kote pou li jwenn yon kopi plan sa a.

Fè yon Dosye Dokiman Enpòtan

Sèvi ak yon dosye, katab oswa yon gwo anvlop pou òganize dokiman enpòtan w yo. Tout enfòmasyon ki nan plan w lan itil sèlman si ou ka jwenn yo fasil. Sere dosye w yon kote ki an sekirite e ki aksesib. Di fanmi w gadyen ou genyen ki fyab ansanm ak reprezantan legal ou kote pou yo jwenn dosye a. Bay yon zanmi ou fè konfyans yon kopi (li t ap pi bon si se moun ou te chwazi kòm gadyen ki fyab oswa reprezantan legal ou).

Ekri Enstriksyon sou Zafè Swen Medikal pou Pitit ou

Asire w ou ekri tout kondisyon medikal oswa alèji pitit ou genyen, nenpòt medikaman pitit ou pran, enfòmasyon sou doktè ak asirans sante pitit ou. Kenbe yon kopi enfòmasyon sa yo nan dosye ki gen dokiman enpòtan yo.

Bay yon kopi nan lekòl pitit ou epi remèt youn bay granmoun ou chwazi ki okipe yo. Fè pitit ou konnen ki kote pou li jwenn enfòmasyon sa yo si w pa la.

Plan Swen Timoun

Siyen yon Fòmilè Gadyen ki Fyab

Deziyasyon Gadyen ki Fyab, se yon fason fòmèl pou w bay yon granmoun ou fè konfyans responsablite pou l okipe pitit ou si ou pa kapab. Li bay moun sa a otorite l pa t ap jwenn nan yon akò enfòmèl. Pa egzanp, si vwazen w dakò pou l pran swen pitit ou, men li pa yon gadyen ki fyab, li pa p kapab pran kèk desizyon sou plan edikasyon oswa lasante pou pitit ou.

Yon Deziyasyon Gadyen ki Fyab dire jiskaske ou ka pran swen pitit ou ankò, oswa li valab pou pou yon ane, ou mwens. Responsablite sila dire yon lane e y ap kontwòle l apati moman li kòmanse aplike, se pa dat ou siyen fòmilè yo. Ou ka anile demach sa a nenpòt ki lè. Fòmilè a ka ranpli nenpòt ki kote. Li pa bezwen

notarye, men li bezwen siyen devan 2 temwen. Bay yon kopi konplè deziyasyon gadyen ki fyab la bay lekòl pitit ou ansanm ak doktè ki suiv li. Kenbe yon kopi pou tèt ou epi bay gadyen ki fyab la orijinal la.

Asire w tout pitit ou yo gen paspò

Si pitit ou a fèt Etazini, ale sou www.travel.state.gov pou plis enfòmasyon sou kijan pou w jwenn yon paspò ameriken.

Si pitit ou a fèt nan peyi lakay ou, tcheke avèk anbasad ou oswa konsila pou plis enfòmasyon sou kijan pou w jwenn yon paspò pou li.

Ou kapab deklare nesans pitit ou bay gouvènman peyi w (pa egzanp, ak konsila peyi w) si pitit ou te fèt Etazini. Sa ka pèmèt pitit ou benefisye yon seri avantaj peyi w lofri, tankou sitwayènte.

Di Fanmi w ak kontak nan ka Ijans ou ki Fason pou yo Jwenn ou si ICE Arete w

Pa gen okenn enstalasyon pou detansyon ICE nan *Connecticut*. Nenpòt moun ICE ta arete nan *Connecticut*, y ap tou voye l nan Eta *Massachusetts*. Etablisman yo nan *North Dartmouth*, *Boston*, *Plymouth* ak *Greenfield*, *Massachusetts*. Men, yo ka transfere prizonnye nan lòt eta nenpòt kilè.

Manm fanmi yo kapab itilize zouti *ICE detainee locator* a pou yo lokalize moun ki pwòch yo: <https://locator.ice.gov/odls/homePage.do>

Asire w ni fanmi w ni moun pwòch w pou yo kontakte nan ka ijans, yo tout gen yon kopi nimewo A w (nimewo idantite w, kòm etranje, ki nan dokiman imigrasyon w), si w gen youn. Nimewo A w la kapab sèvi tou pou jwenn estati imigrasyon w ak dènye nouvèl sou odyans k ap vini yo oswa òdonans ki pa valab ankò: <https://acis.eoir.justice.gov/en/>.

Enfòmasyon Enpòtan sou Timoun yo

Non timoun nan	
Dat li fèt	
Nimewo telefòn selilè timoun (si l gen youn)	
Lekòl/gadri/bebisitè	
Adrès lekòl/gadri/bebisitè	
Nimewo telefòn lekòl/gadri/bebisitè	
Non pwofesè li	
Nimewo klas la	
Gadri apre lekòl	

Telefòn responsab gadri apre Lekòl	
Lòt kan/espò/pwogram	
Nimewo telefòn lòt kan/espò/pwogram Alèji Kondisyon medikal	
Medikaman Nimewo telefòn doktè a	
Adrès doktè a Konpayi asirans sante	

Nimewo kontra asirans lan

Nimewo Ijans ak Enfòmasyon sou Kontak Enpòtan

Nimewo Ijans yo	
Ijans imedya	911
Depatman lapolis	
Depatman ponpye	
Kontwòl pwazon	
Kontak Fanmi	
Manman/papa/gadyen pèmanan	
Telefòn lakay	
Telefòn selilè	
Adrès travay	
Telefòn travay	
Papa/paran/gadyen pèmanan	

Telefòn lakay
Telefòn selilè

Enfòmasyon enpòtan pou timoun yo

Kontak Fanmi ap kontinye	
Adrès travay	
Telefòn travay	
Lòt kontak nan ka ijans ak lòt relasyon	
Telefòn selilè	
Lòt kontak nan ka ijans ak lòt relasyon	
Telefòn selilè	
Lòt kontak nan ka ijans ak lòt relasyon	
Telefòn selilè	

Lòt Kontak	
Dantis	
Nimewo telefòn	
Konpayi asirans dantè	
Nimero kont asirans lan	
Mak machin / modèl	
Nimewo plak	
Konpayi asirans machin ak nimewo telefòn li	
Nimewo kont asirans	
Konsila	
Adrès ak nimewo telefòn	
Kontak kominote relijye	

Adrès	
Nimewo telefòn	
Avoka/sèvis jiridik	
Adrès	
Nimewo telefòn	
Reprezantan legal ou chwazi	
Gadyen ki fyab ou chwazi	

Enfòmasyon ou Dwe Konnen

(non timoun nan)

Manje li pi renmen	
Manje li pa renmen ak manje ki ba l alèji	
A ki lè li domi epi ki woutin somèy li	
Jwèt li pi renmen, liv, jwèt ak aktivite	
Règleman sou kantite tan l gendwa pase devan ekran	
Non zanmi pwòch li	
Kouvrefe	
Restriksyon pou l kondui (timoun ki pi gran)	
Lot règleman enpòtan	

Orè chak semèn

Jou nan semèn nan Aktivite	Ki kote/ Nimewo telefòn
-----------------------------------	--------------------------------

Lendi	
Madi	
Mèkredi	
Jedi	
Vandredi	

Samdi

Dimanch

Fòmilè Gadyen ki Fyab

Ou pa bezwen ale nan tribinal pou nonmen yon moun kòm responsab pitit ou. Ou kapab nonmen yon gadyen ki fyab, w ap sèlman ranpli kèk fòmilè senp, depi lòt paran pitit ou dakò ak gadyen ou chwazi a, oubyen lòt paran an pèdi dwa paran legal li akoz yon òdonans tribinal, oubyen si li mouri.

Gen lòt opsyon pou responsab timoun nan Connecticut si opsyon gadyen ki fyab la pa p bon pou ou. Nan ka sa a, jwenn yon avoka pou ede w konprann opsyon ou genyen yo.

Ki Wòl yon Gadyen ki Fyab?

Yon gadyen ki fyab ap okipe pitit ou, ede l jwenn swen medikal, l ap nourri pitit ou, abiye l epi ba l kote pou l rete, epi asire l pitit ou ale lekòl. Yon gadyen ki fyab gen otorite legal pou l pran desizyon pou pitit ou sou plan lasante ak edikasyon. Gadyen an ap responsab pitit ou pandan yon ane e y ap kòmanse konte l depi nan dat li kòmanse valab, se pa dat ou te siyen fòmilè yo ki konte. Si paran an mouri, responsablite gadyen an ap fini nan 90 jou.

Sibvansyon Pitit ou ka Benefisye

Yon gadyen ki fyab ka aplike nan departman sèvis sosyal Connecticut (DSS) pou resevwa sibvansyon pou pitit ou. Ou kapab aplike pou sibvansyon yo lè w rele DSS nan nimewo 1-855-6-6-CONNECT. Men kèk nan sibvansyon ki ta ka aplike:

Asirans Medikal

Nouvo gadyen an dwe asire l pitit ou ap jwenn swen medikal. Si pitit ou se sitwayen ameriken epi li gen asirans medikal Husky gras ak Eta Connecticut, asirans lan ap kontinye aplike lè nouvo gadyen an kòmanse responsab timoun nan.

Asistans Ekonomik ak Lajan Kach (TFA)

Pitit ou a ka resevwa lajan kach kòm asistans menm si gadyen an pa kalifye. Gadyen an kapab aplike nan non pitit ou.

Koupon pou Achte Manje (SNAP)

Si gadyen an kalifye pou resevwa koupon pou achte manje, lè sa a, li kapab aplike pou ajoute pitit ou nan pwogram koupon alimantè pou fwaye.

Sekirite Sosyal

Si pitit ou a jwenn lajan Sekirite Sosyal pou andikape, y ap kontinye ba ou l. Gadyen an dwe ranpli papye yo avèk Administrasyon Sekirite Sosyal la pou l ka resevwa lajan an pou pitit ou. Sekirite Sosyal se yon avantaj federal. Ou ka kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal la nan www.ssa.gov.

Enstriksyon pou Paran ki Poukont li sou Fòmilè pou Gadyen ki Fyab

Si ou se yon paran ki poukont li epi lòt paran timoun nan pa prezan nan lavi li l ankò, yo depòte l, oubyen si li mouri, w ap oblije ranpli fòmilè yo ki nan kat paj k ap vini yo pou w chwazi yon gadyen ki fyab pou pitit ou. Fòmilè yo bezwen temwen, men yo pa oblije notarye. **OU PA BEZWEN ALE NAN TRIBINAL.** Pa gen okenn lajan pou w peye pou ranpli fòmilè yo.

Definisyon yo

- ◆ Gadyen ki Fyab: Moun ki dakò pou okipe pitit ou si ou pa kapab
- ◆ Prensipal: Ou menm
- ◆ Temwen: Yon moun ki pa oumenm, ki pa okenn nan moun ki otorize pou al chache pitit ou lekòl, ni gadyen ki fyab la

Enstriksyon Etap-pa-etap

- ✓ Ranpli fòmilè a, *Chwazi yon Gadyen ki Fyab*
 - ◆ Siyen fòmilè a devan de (2) temwen. Remak: Gadyen ki fyab la pa kapab youn nan temwen yo.
 - ◆ Chak temwen yo dwe siyen anba pati ki make *Temwen pou Siyati Paran an*
- ✓ Ranpli lòt dokiman (si w vle) ki gen eksplikasyon sou sikonstans paran ki poukont li a epi ajoute nenpòt dokiman enpòtan (sètifika lanmò, dosye depòtasyon, elatriye)
- ✓ Mande gadyen ki fyab la pou l sere tout fòmilè yo yon kote ki an sekirite. Kenbe yon kopi nan dosye ki genyen dokiman enpòtan w yo epi bay lekòl ak doktè pitit ou a yon kopi.
- ✓ Si yo arete w oubyen yo depòte w, responsab la ta dwe ranpli fòmilè ki rele *Deklarasyon ki Di Deziyasyon Gadyen ki Fyab la Kòmanse Aplike*. Se fòmilè sa a y ap bezwen montre kòm prèv ki di yo se gadyen pitit ou. **Fòmilè sa a PA bezwen depoze nan tribinal.**
- ✓ Si ou chanje lide w, ranpli fòmilè anilasyon yo ajoute pi ba a. Sa pral vle di fòmilè

Lòt paran pitit mwen an oswa pitit mwen yo rele: _____
(Non lòt paran an)

Cheke youn nan opsyon sa yo:

Lòt paran an, mouri oubyen yo te retire dwa l kòm responsab legal timoun sila ki poko majè. Nan dokiman sa a, mwen ajoute yon kopi sètifika lanmò oswa òdonans ki te retire dwa legal li kòm paran.

Tanpri, verifye, w ap jwenn yon dokiman an plis ki gen rapò ak ka patikilye pa m nan ansanm ak dokiman ki pou kore l.

Mwen reflechi sou deziyasyon sa a anpil, pandan tèt mwen poze. Siyati:

Paran: Dat: _____

Si Gadyen ki Fyab mwen chwazi an pa kapab oswa li pa vle pran responsablite a pou mwen, men ki moun mwen nonmen kòm gadyen ranplasan m (yo)

_____, nan _____, _____.
(Non) (Adrès)

Deziyasyon sa ap komanse si _____ pa kapab pran responsablite mwen ba li yo
(Non gadyen ki fyab la)

jan gadyen ranplasan an (yo) remake li, yomenm ki otorize pou aji sou bò pa yo.

Met sou li, si pwogram gadyen an kòmanse, tout lòt moun an plis sa yo gen dwa al chache pitit mwen/pitit mwen yo lekòl:

_____ nan
(Non) ((Ri/Vil/Eta)

_____ nan
(Non) (Ri/Vil/Eta)

_____ nan
(Non) (Ri/Vil/Eta)

TEMWEN KI TE PREZAN NAN SIYATI PARAN YO

Mwen temwanye moun ki te siyen fòmilè ki anwo a antan ke Prinsipal la e li te siyen dokiman sa a devan m. Mwen temwanye tou mwen gen plis pase 18 lane e se pa mwen yo te chwazi pi wo a kòm Gadyen ki Fyab oswa youn nan moun ki otorize pou al chèche timoun nan/ timoun yo lekòl.

(Non timoun nan)

nan dat dokiman_.

(Dat)

Youn nan evènman ki site nan dokiman sa a te rive tout bon e li cheke pi ba a:

- Otorite imigrasyon Etazini oswa otorite ladwàn, oswa nenpòt otorite lapolis lokal oswa otorite lapolis federal te arete oswa depòte paran an.
- Paran an mouri. Gen Yon kopi sètifika lanmò.
- Paran an gen yon andikap (mantal oswa fizik) dapre analiz yon doktè. W ap jwenn atestasyon sa a nan dokiman yo.

Lòt: _____ Mwen

konprann gen konsekans pou moun ki fè fo deklarasyon.

(Siyati gadyen ki fyab la)

Siyati a fèt an prezans:

(Siyati temwen #1)

(Siyati temwen #2)

Enstriksyon pou Doub Paran sou Fòmilè Gadyen ki Fyab

Si toulède paran yo prezan epi patisipe nan lavi timoun nan, w ap ranpli fòmilè ki nan sis paj kap vini yo pou w chwazi yon gadyen ki fyab pou pitit ou. Fòmilè yo dwe siyen devan temwen, men yo pa oblije notarye. OU PA BEZWEN ALE NAN TRIBINAL. Pa gen okenn kòb pou w peye pou w ranpli fòmilè yo.

Definisyon yo

- ◆ Gadyen ki fyab: Moun ki dakò pou okipe pitit ou si w pa kapab

- ◆ Paran A ak Paran B: Ou Menm ak paran pitit ou
- ◆ Temwen: Yon moun ki pa ni paran timoun nan ni gadyen ki fyab la.

Enstriksyon Etap-pa-etap

- ✓ Ranpli fòmилè, *Deziyasyon Gadyen ki Fyab la*
 - ◆ Toulède paran yo dwe siyen fòmилè a.
 - ◆ Siyen fòmилè a devan 2 temwen. Remak: Gadyen ki fyab la pa kapab nonplis youn nan temwen yo.
 - ◆ Chak temwen yo dwe siyen anba kote ki make *Temwen ki Te Prezan nan Siyati Paran yo*
- ✓ Mande gadyen ki fyab la pou l mete fòmилè yo yon kote ki an sekirite. Kenbe yon kopi nan Dokiman Enpòtan w yo epi pote yon kopi bay lekòl la ansanm ak Doktè pitit ou a.
- ✓ Si yo arete oswa depòte toulède paran yo oswa yo viktim yon lòt nan evènman nou site yo, gadyen ki fyab la ta dwe ranpli fòmилè ki rele *Deklarasyon ki Di Deziyasyon Gadyen ki Fyab la Kòmanse Aplike*. Se fòmилè sa a y ap bezwen montre kòm prèv yo se gadyen pitit ou. **Fòmилè sa a PA bezwen depoze nan tribinal.**
- ✓ Si ou chanje lide, ranpli fòmилè anilasyon yo ajoute pi ba a. Sa pral vle di fòmилè gadyen ki fyab ou te ranpli a pa p aplike ankò. Ou ka ranpli fòmилè yo yon lòt fwa pou w chwazi yon nouvo gadyen ki fyab.

Si se sèlman yon paran ki depòte oswa yo arete l, lòt paran an ap responsab timoun nan. Pwogram Gadyen ki Fyab la pral kòmanse aplike sèlman si toulède paran yo pa disponib.

Yon Deziyasyon Gadyen ki Fyab valab pou yon ane oswa jiskaske ou ka rekòmanse okipe pitit ou.

Ou ka bay plis moun otorizasyon al chèche pitit ou lekòl lè pwogram gadyen ki fyab la kòmanse aplike. Ou ta dwe bay moun yo yon kopi fòmилè sa a, youn nan lekòl la tou.

DEZIYASYON GADYEN KI FYAB SELON C.G.S § 45a-624 JISKA 624g ETA CONNECTICUT

Nou, _____, nan
(Paran A)

_____, Connecticut, ak
(Adrès)

_____, nan
(Paran B)

_____, Connecticut nou nonmen
(Adrès)

_____, nan
(Non Gadyen ki Fyab la)

_____ kòm Gadyen ki Fyab pou timoun nou an (yo) ki poko majè
(Adrès)

_____ (dat nesans: _____)
(Non Timoun nan)

_____ (dat nesans: _____)
(Non Timoun nan)

_____ (dat nesans: _____)
(Non Timoun nan)

_____ (dat nesans: _____)
(Non Timoun nan)

_____ (dat nesans: _____)
(Non Timoun nan)

Pwogram Gadyen ki Fyab la ap kòmanse aplike lè youn nan evènman sa yo rive paran A epi youn nan evènman sa yo rive Paran B (cheke tout opsyon ki aplike pou *toulède* paran yo):

Paran A

- Nenpòt otorite imigrasyon nan Etazini oswa otorite ladwàn, oubyen otorite polis lokal oswa polis federal arete m osnon depòte m.
- Mwen mouri, Gadyen ki Fyab la genyen yon kopi sètifika lanmò m.
- Mwen gen yon andikap (mantal oswa fizik) dapre analiz yon doktè. W ap jwenn yon kopi sètifika sa a nan dokiman an.
- Lòt evènman (bay plis detay):

Paran B

- Nenpòt otorite imigrasyon Etazini oswa otorite ladwàn, oswa nenpòt otorite polis lokal oswa otorite polis federal arete m oswa depòte.
- Mwen mouri, gadyen ki fyab la gen yon kopi sètifika lanmò mwen.
- Mwen gen yon andikap (mantal oswa fizik) dapre analiz yon doktè. W ap jwenn yon kopi sètifika sa yo nan dokiman an.
- Lòt evènman (bay plis detay):

Si gadyen ki fyab mwen chwazi a pa kapab oswa li pa vle pran responsablite a pou mwen, men kiyès mwen nonmen kòm gadyen ranplasan

_____, nan _____, _____.
(Non) (Adrès)

Deklarasyon sa a ap kòmanse aplike si _____ pa kapab pran responsablite mwen ba li yo (Gadyen ki Fyab)
jan gadyen ranplasan an (yo) remake li, yomenm ki otorize pou aji sou bò pa yo..

Met sou li, si pwogram gadyen ki fyab la kòmanse, lòt moun an plis yo ki site pi wo a gen otorizasyon tou pou ale chache pitit mwen/pitit mwen yo lekòl:

→ nan
(Non) (Ri/Vil/Eta)

→ nan
(Non) (Ri/Vil/Eta)

→ nan
(Non) (Ri/Vil/Eta)

Si evènman ki te rive a fin pase, difikilte a rezoud, pwogram gadyen an pa p aplike ankò.

Mwen fè atansyon pou m byen reflechi, tèt poze, sou chwa sa a m ap fè a.

Siyati:

Paran A: _____ Dat: _____ (Non)
(Dat)

Mwen fè atansyon pou m byen reflechi, tèt poze, sou deziyasyon sa a.

Siyati:

Paran B: _____ Dat: _____ (Non)
(Dat)

TEMWEN KI TE PREZAN NAN SIYATI PARAN YO

Mwen temwanye _____, ki te siyen fòmilè ki anwo a kòm Paran A, te siyen dokiman sa a devan m. Mwen temwanye tou mwen gen plis pase 18 lane e se pa mwen yo te chwazi anwo a kòm gadyen ki fyab.

(Non Temwen an Lèt Detache)

Temwen an) (Dat Siyati) _____ (Siyati)

(Adrès Temwen an)

(Non Temwen an Lèt Detache)

_____ (Siyati)
Temwen an) (Dat siyati)

(Adrès Temwen an)
Mwen temwanye _____, te siyen fòmilè ki anwo a kòm Paran B
e li siyen dokiman sa a devan m. Mwen temwanye tou mwen gen plis pase 18 lane e se pa mwen yo
te chwazi pi wo a kòm gadyen ki fyab.

(Non Temwen an Lèt Detache)

_____ (Siyati)
Temwen an) (Dat Siyati)

(Adrès Temwen)

(Non Temwen an Lèt Detache)

_____ (Siyati)
Temwen an) (Dat Siyati)

(Adrès Temwen)

**DEKLARASYON KI DI DEZIYASYON GADYEN KI FYAB LA
KÒMANSE APLIKE**

Mwen menm, _____, mwen rete nan
(Gadyen ki Fyab)

_____ mwen deklare:
(Adrès)

_____, lè sa a l te rete nan
(Paran A)

_____, *Connecticut* epi
(Adrès)

_____, lè sa a li te rete nan

(Paran B)

_____chwazi m kòm
(Adrès)

Gadyen ki Fyab timoun mwen yo ki poko majè,

nan yon dokiman ki date _____.
(Dat)

Youn oswa plizyè nan evènman ki nan lis Dokiman sa a rive nan ka tou 2 paran yo e yo fè yon chèk pou idantifye evènman sa yo :

Paran A

- Otorite imigrasyon Etazini oswa otorite ladwàn, oubyen nenpòt otorite polis lokal oubyen otorite polis federal te arete oswa depòte paran an.
- Paran an mouri. W ap jwenn yon kopi sètifika lanmò a nan dokiman yo.
- Paran an gen yon andikap (mantal oswa fizik) dapre analiz yon doktè. W ap jwenn yon kopi setifika sa a nan dokiman yo.
- Lòt: _____.

Paran B

- Otorite imigrasyon Etazini oubyen otorite ladwàn, oubyen nenpòt otorite polis lokal oswa otorite polis federal arete oswa depòte paran an..
- Paran an mouri. W ap jwenn yon kopi sètifika lanmò a nan dokiman yo.
- Paran an gen yon andikap (mantal oswa fizik) dapre analiz yon doktè. W ap jwenn yon kopi sètifika sa yo nan dokiman yo.
- Lòt: _____.

Mwen konprann gen konsekans pou moun fè yon fo deklarasyon.

(Siyati gadyen ki Fyab)

Siyati a Fèt an Presans:

_____ (Siyati Temwen)
_____ (Siyati Temwen)

(NOTE: Par C.G.S. §45a-624 jiska 624g, Dokiman sa a valab san li pa notarye.)

Fòmilè pou Repezantan Legal

Yon fòmilè Repezantan Legal se yon dokiman legal ki pèmèt ou chwazi yon moun ou fè konfyans pou aji pou ou. Andedan fòmilè Repezantan Legal sa a ak dokiman ki akonpaye l yo, ou ka di ki pouvwa ou vle bay moun ou deziyen an, ki gen ladan aksè ak finans ou yo. Ou pa bezwen ale nan tribinal pou w nonmen yon moun kòm Repezantan Legal. Ou ka nonmen moun ou fè konfyans pandan w ap ranpli fòmilè ki anba yo epi fè yon notè apwouve l pou w.

Kisa “deklanche” pouvwa mandatè a vle di?

Fòmilè gadyen ki fyab la pèmèt yon moun ranplase w pou okipe pitit ou si yo arete w oswa depòte w. Fòmilè Repezantan Legal la bay yon moun pouvwa pou okipe pwopriyete w nan ka yo arete w oswa depòte w. Fòmilè ki pi ba yo se pou aplike sa yo rele Pouvw Madatè a “deklanche”, ki vle di, yo pa kòmanse toutotan yon evènman patikilye ta rive (tankou arestasyon oswa depòtasyon).

Avantaj:

Si yo arete w osnon yo depòte w, moun ou chwazi kòm repezantan legal la kapab ede w nan domèn sa yo:

- Pwopriyete reyèl (nenpòt kay/ pwopriyete ou lwe)
- Pwopriyete pèsònèl
- Aksyon ak obligasyon / pwodui ak kontra jesyon
- Bank ak lòt enstitisyon finansye yo
- Operasyon yon biznis
- Asirans ak pansyon retrèt
- Imobilye ak kontra jesyon
- Reklamasyon ak konfli
- Antretyen pèsònèl ak fanmi
- Benefis ki soti nan gouvènman oubyen nan lame
- Plan retrèt yo
- Taks
- Resevwa nenpòt salè yon patwon te dwe w.
- Aksè ak modpas ou pou antre sou kont ou labank pa entènèt, medya sosyal, dosye sante elektwonik, ak lòt zafè elektwonik.

Limit

Ou ta dwe chwazi yon moun ou fè konfyans pou ranpli wòl sa a. Men, gen limit sou sa yo ka fè ak responsablite mandatè a kèlkeswa sikonstans yo. Pa egzanp, yo pa gen dwa sèvi ak pwopriyete w pou bay tèt yo avantaj. Menm si repezantan legal la "deklanche", ou toujou gen aksè ak tout pwopriyete w yo. Ou ka kanpe pouvwa sa yo nenpòt ki lè.

Fòmilè Enstriksyon sou Repezantan Legal

Pou w chwazi yon moun kòm Repezantan Legal, w ap oblije ranpli fòmilè yo sou pwochen X

paj yo. Fòmilè yo bezwen notarye. OU PA BEZWEN ALE NAN TRIBINAL. Ou ka oblije peye yon frè maksimòm 5\$ pou yo notarye fòmilè yo.

Definisyon yo

- ◆ Ajan: Moun ou chwazi kòm Repezantan Legal
- ◆ Prensipal: Ou menm
- ◆ Notè: Yon notè se yon moun Eta Connecticut apwouve pou sètifye siyati yo.

Enstriksyon Etap-pa-etap

- ✓ Ranpli fòmilè ki rele, *Estat Jeneral ki pou Deklanche Pouvwa Mandatè a nan Connecticut*
 - ◆ Fòmilè a dwe notarye nan men yon Repezantan Tribinal Siperyè oswa yon Notè.
 - ◆ Pou yon notè siyen fòmilè a, fòk yo wè (1) ID w ak (2) gade w k ap siyen fòmilè Repezantan Legal la.
- ✓ Bay moun ou te chwazi kòm repezantan legal la yon fòmilè orijinal ansanm ak yon kopi dokiman ki rele, *Enfòmasyon Enpòtan Ajan an Dwe Konnen*.
- ✓ Mande ajan ou chwazi a pou l mete fòmilè yo ranpli a yon kote ki an sekirite. Kenbe yon kopi nan dosye dokiman enpòtan yo.
- ✓ Si yo arete w oswa depòte w, ajan an ta dwe ranpli yon fòmilè ki rele *Atestasyon Ajan an ki gen rapò ak Validasyon Otorite Repezantan Legal la ansanm ak Ajan an*. Sa a se fòmilè yo pral bezwen kòm prèv ki montre "Evènman ki Deklanche" (yo mete w nan prizon oswa yo depòte w) yo te rive tout bon e kounye a, yo gen pouvwa legal sou byen w.
Fòmilè sa a PA bezwen depoze nan tribinal.
- ✓ Si ou chanje lide, ranpli fòmilè anilasyon an. W ap jwenn li pi ba a. Sa vle di moun ou te chwazi kòm ajan w pa p gen manda ankò antan ke responsab legal. Ou ta dwe kenbe fòmilè sa a menm kote avèk papye enpòtan w epi pale sa ak moun ou te deja chwazi anvan an kòm ajan w pou w fè l konnen desizyon w.

ESTATI JENERAL KI POU DEKLANCHE POUVWA MANDATÈ A NAN CONNECTICUT

Remak: Dokiman sa yo bay yon pouvwa ki lajman laj. Yo detaye nan Lwa Inifòm Connecticut sou Repezantan Legal la, ki di aklè pati ki konsène yo gen dwa chwazi nenpòt lòt oswa yon fòm repezantan legal ki diferan. Moun k ap bay/chwazi nenpòt ki repezantan legal oswa ajan kapab fè yon demand nan yon tribinal omologasyon pou yo analize dosye l dapre souseksyon (d) nan seksyon 45a-175, nan lwa jeneral yo. Estat repezantan legal sa a pa bay ajan w lan dwa pran desizyon nan plas ou sou zafè medikal.

Kounye a, mwen pral site tout moun ki gen lentansyon fè pati sa yo rele MANDATÈ JENERAL dapre Lwa Inifòm Connecticut sou Repezantan Legal:

Mwen menm, _____, nan _____,

_____, mwen nonmen _____, nan

_____, _____ POU LI AJI

1: Nan non mwen, li la pou ranplase m, pou fè tou sa m te kapab fè yo si mwen te prezan an pèsòn, tou sa ki gen rapò ak sa nou pral site yo jan yo defini nan Lwa Inifòm Connecticut sou Responsab Legal ak limit lalwa pèmèt mwen pou m aji atravè yon ajan:

(Efase epi mete inisyal ou nan pati ki ant parantèz la pou endike nenpòt osnon plizyè nan pouvwa sa yo prensipal konsène a PA vle bay ajan an otorite sou yo. Eliminasyon youn osnon plizyè nan sibdivizyon (A) pou rive (M), li enklizif, li dwe tou reprezante otomatikman yon eliminasyon nan sibdivizyon (N).)

(A) Pwopriyete reyèl; () (B) Byen mèb pwopriyete pèsònèl; () (C) Aksyon ak kupon; () (D) Pwodui ak kontra jesyon; () (E) Bank yo ak lòt enstitisyon finansye; () (F) Operasyon antite oswa biznis; () (G) Asirans ak pansyon retrèt; () (H) Byen imobilye, kontra jesyon, ak lòt enterè epi benefis; () (I) Reklamasyon ak konfli; () (J) Antretyen pèsònèl ak fanmi; () (K) Avantaj nan men pwogram gouvènman oswa sèvis antan ke sivil oswa militè; ()

(L) Plan retrèt; () (M) Taks; () (N) Tout lòt eleman ki pa site la a; ()

Dispozisyon espesyal:

Premyeman: San nou pa limite jeneralite nenpòt lòt dispozisyon reprezantan legal sa a ta genyen, ajan mwen an ap gen otorite pou l:

(1) Resevwa, nan men nenpòt patwon ki te dwe m pou sèvis/travay mwen: lajan travay mwen ak lòt kòb, san nou pa limite l ak sa yo sèlman; epi
(2) Gen kontwòl sou pwopriyete dijital mwen, san konte imel, mesaj vokal, tèks ak lòt kominikasyon elektwonik; kontinye, kanpe, oswa jwenn aksè pou l modifye kontni oswa fè tout sa ki nan dwa l pou l fè an dijital nan respè sèvis an liy mwen itilize pou estoke kontni dijital, tankou foto, videyo, done finansye ak lòt ankò; pou jwenn, kenbe, oswa chanje nenpòt modpas oubyen lòt enfòmasyon oubyen karakteristik obligatwa pou kontwole aksè ak sèvis sa yo an liy. Nan pami sèvis sa yo, san limit, nou site nenpòt platfòm ki bay entènèt, domèn oswa sèvis enskripsyon DNS, rezo sosyal oswa platfòm mikwo blòg, sèvis dosye sante elektwonik, sèvis kont finansye, sèvis kontablite finansye, telefòn oswa sèvis mesajri vwa, sèvis mesaj kout ak sèvis imèl.

2: Avèk otorite total kapital, pou l bay tout osnon yon pati nan pouvwa k ap sou responsablite l bay nenpòt moun oswa gwoup moun ajan mwen (yo) chwazi.

3: Ak dokiman sa a li apwouve e li konfime tout sa ajan an (yo) di oswa ranplasan (yo) fè osnon sa yo pral fè.

4: LIMIT SOU OTORITE AJAN AN GENYEN

Yon ajan ki pa paran m, mari/madanm mwen, oswa pitit mwen PA KA itilize pwopriyete m pou bay ajan an avantaj oswa yon moun ajan an dwe yon sèvis sof si mwen te ba l dwa fè sa nan enstriksyon espesyal yo.

5: DEZIYASYON AJAN RANPLASAN (YO) (SI OU VLE)

Si ajan m nan pa kapab oswa li pa vle pran responsablite mwen ba li, men kiyès mwen nonmen kòm ajan ranplasan mwen (yo)

_____, nan _____, _____.

(Non) (Adrès)

Nominasyon sa a dwe kòmanse aplike si _____ pa kapab pran responsablite pou
(Non Repezantan Legal la)
jere zafè m nan plas mwen dapre ajan ranplasan an (yo) ki gen otorizasyon pou yo aji sou bò pa yo.

6: DAT KÒMANSMAN AK ANILASYON

Wòl Repezantan Legal sa a dwe kòmanse aplike si ajan m nan deside mwen pa nan pozisyon pou m jere pwòp responsablite m genyen akòz yon difikilte, swa mwen (i) pa la;(ii) yo arete m, swa yo fèmen m nan yon sistèm penal; oswa (iii) Mwen pa Etazini epi mwen pa kapab retounen.

Pouvwa Repezantan Legal la ap rete valab san binding jiskaske evènman sa yo: 1) si mwen mouri; (2) si mwen anile Pouvwa Mandatè sa a. Si tout fwa m ta nonmen yon administratè pou byen imobilye mwen yo, Pouvwa Repezantan Legal la ap kontinye aplike sof si yon òdonans tribinal ta limite, kanpe oswa anile pouvwa Responsab Legal la. Sof si sa nou sot site la yo ta aplike, pouvwa responsab legal la dwe konsidere kòm yon pouvwa ki gen yon dire san limit.

Si m ta vin gen yon andikap osnon yon difikilte kèlkonk, li pa dwe aji sou Pouvwa Responsab Legal sa a.

Aplikasyon fòm legal kout sa a pouvwa mandatè a genyen, fòk prensipal la rekonèt li kòm sadwa nan fason yo preskri pou yon transfè byen imobilye dwe fèt.

NAN TEMWANYAJ SA, mwen mete men m e mwen sele nan dat _____.

(Dat)

Siyatè prensipal la, _____ an prezans nou kòm moun li te nonmen, pandan nou la ansanm ak li, nou enskri non nou antan ke temwen.

nan

nan

ETA CONNECTICUT)

) ss. 2025

KONTE)

Moun ki prezan an pèsòn _____ se siyatè e li sele dokiman sa yo e li rekonèt, devan m li fè sa ak tout volonte l.

Repezantan Tribinal Siperyè a
Notè Piblik

Wòl mwen ap fini kòm repezantan nan dat:

ENFÒMASYON ENPÒTAN AJAN AN DWE KONNEN

Responsablite Ajan an

When you accept the authority granted under this power of attorney, a special legal relationship is created between you and the principal. This relationship continues until you resign or the power of attorney is terminated or revoked. You must:

(1) Fè sa ou konnen, nòmalman, prensipal la atann pou w fè ak pwopriyete li, oubyen si w pa konnen sa

prensipal la swete pou w fè, aji nan pi bon enterè prensipal la;

(2) Aji an byen;

(3) Pa fè anyen ki depase otorite yo ba ou nan gras ak pouvwa mandatè sa a; epi

(4) Deklare idantite w antan ke ajan chak fwa w ap aji nan non prensipal la, ekri osnon enprime non prensipal la epi siyen pwòp non w kòm "ajan" nan fason sa a:

_____ atravè (Siyati ou) kòm Ajan

Sòf si enstriksyon espesyal yo ba w kòm responsab legal ta di lektrè, men sa w dwe fè tou:

(1) Aji ak fidelite nan enterè prensipal la;

(2) Evite konfli ki kapab gen move efè sou kapasite w pou w aji nan pi bon enterè prensipal la;

(3) Aji avèk swen, konpetans, ak dilijans;

(4) Kenbe yon achiv pou tout resi, depans, ak tranzaksyon ki fèt nan non prensipal la;

(5) Kolabore ak nenpòt moun ki gen otorite pou pran desizyon sou swen sante pou prensipal la, fè sa w konnen li ap atann oswa fè sa ki nan pi bon enterè prensipal la si ou pa konnen sa l vle; epi

(6) Eseye prezève plan prensipal la sou zafè transfè byen si ou konnen plan an epi konsève plan an, lè w rete aliye ak plan an se nan pi bon enterè prensipal la.

Anilasyon Otorite Ajan an

Ou dwe sispann aji nan non prensipal la si w aprann nenpòt enfòmasyon ta fè konnen yo kanpe pouvwa w kòm reprezantan legal oswa si yo revoke otorite w anba estati reprezantan legal sa a. Men evènman ki kapab kanpe yon pouvwa reprezantan legal oswa otorite w pou w aji avèk pouvwa responsab legal la:

(1) Prensipal la mouri;

(2) Prensipal la anile pouvwa reprezantan legal ou oswa otorite w;

(3) Nan dokiman reprezantan legal la, gen yon evènman yo di ki ka lakòz pouvwa mandatè a kanpe. Evènman sa a rive;

(4) Objektif responsab legal la fin akonpli; Oubyen

(5) Si ou marye ak prensipal la, y ap depoze yon aksyon legal nan tribinal pou kanpe maryaj ou ak yon divòs oswa yon anilasyon, oubyen pou mande yon separasyon legal, sof si enstriksyon espesyal yo nan dokiman reprezantan legal la ta deklare maryaj sila pa p lakòz otorite w tou anile.

Responsablite Ajan an

Otorite yo ba w la defini nan Lwa inifòm Connecticut sou Pouvwa Responsab Legal, seksyon 1 rive 45, enklizif, nan lwa sa a. Si ou vyole Lwa inifòm sou Reprezanta Legal Connecticut la, seksyon 1 rive 45, enklizif, nan lwa sa a oswa aji andeyò kad otorite a fikse a, ou kab responsab nenpòt malè ki ta rive akòz enfraksyon ou fè a.

Si gen yon bagay sou dokiman sa a oswa sou responsablite w ou pa konprann, ou ta dwe chèche konsèy jiridik.

SÈTIFIKA AJAN AN KI

VALIDE POUVWA MANDATÈ A

ANSANM AK OTORITE AJAN AN

ETA *CONNECTICUT*)

) ss. 2018

KONTE)

Mwen menm, _____, ak tout konsyans yo ka rele m lajistis pou fo deklarasyon, mwen deklare _____ ban m otorite kòm yon ajan oswa yon ajan ranplasan anba estati reprezantan legal, nan dat _____.

Mwen deklare, ak tout konsyans mwen:

(1) Prensipal la vivan epi li pa anile pouvwa m kòm reprezantan legal oswa otorite mwen pou m aji anba estati Reprezantan Legal epi ni Pouvwa Mandatè m ak otorite mwen pou m aji selon pouvwa sa a pa t sispann;

(2) Pouvwa Mandatè a te fèt sou kondisyon pou l kòmanse depi m konstate Prensipal la pa nan pozisyon pou l responsab zafè li ankò, e m te deklare Prensipal la pa nan pozisyon pou l responsab zafè li ankò;

(3) si yo te nonmen m kòm yon ajan ranplasan, ajan an pa kapab ankò oswa li pa dispoze pran responsablite a; epi

(4) _____

(Ajoute lòt deklarasyon enpòtan)

SIYATI AK REKONESANS

(non) (dat)

Dokiman sa a te siyen devan nou. Se _____ ki siyen l devan

(non)

nan

(Non Temwen) (adrès)

nan

(Non Temwen) (adrès)

Yo te apwouve dokiman sa a devan m nan dat _____, Moun ki apwouve l se

_____.

Moun ki prezan an pèsòn _____, li se siyatè e li sele dokiman sa yo epi li rekonèt, devan m li fè sa ak tout volonte l.

Reprezantan Tribinal Siperyè a

Notè Piblik

Wòl mwen kòm reprezantan ap Ekspire:

Anilasyon Gadò konfyans la oswa Responsab Legal la

E si mwen chanje lide?

Aprè ou fin ranpli fòmilè deziyasyon gadyen ki fyab la ak/ oswa Responsab Legal la, ou ka chanje lide. Ou pa bezwen tounen nan klinik la pou w ranpli fòmilè sa yo. Yon fwa ou ranpli fòmilè ki anba yo, Gadyen ki Fyab la ak/oswa Responsab Legal la pa p aplike ankò si yo arete w oswa depòte w.

Anilasyon Estati Gadyen ki Fyab la

W ap jwenn fòmilè Anilasyon Estati Gadyen ki Fyab la pi ba a. Ou menm (paran an) dwe siyen. Ou ta dwe bay kopi anilasyon sa a bay lekòl pitit ou a ansanm ak doktè prensipal pitit ou a. Ou ta dwe kenbe orijinal la tou nan dosye w.

Anilasyon Estati Reprezantan Legal la

W ap jwenn fòmilè Anilasyon Estati Reprezantan Legal la pi ba a. Lè sa a, ou ta dwe kenbe yon kopi anilasyon sa a nan dosye w. Ou ta dwe pote yon kopi anilasyon sa a bay enstitisyon finansye k ap bezwen l tankou labank.

Nouvo Gadyen ki Fyab oswa Deziyasyon Reprezantan Legal

Aprè w fin ranpli fòmilè anilasyon yo, si ou ta renmen chwazi yon lòt moun pou sèvi kòm gadyen ranplasan pou pitit ou yo ak / oswa gen pouvwa mandatè nan non w, w ap oblije rekòmanse pwosesis sa a ankò. **Fòk ou bay nouvo gadyen ki fèk nonmen an yon kopi fòmilè revokasyon an bay nouvo gadyen an ki fèk nonmen oswa reprezantan legal la.**

ANILASYON ESTATI GADYEN KI FYAB LA

Mwen menm _____, m rete nan
(Non) (Adrès)

mwen te siyen yon fòmilè deziyasyon gadyen ki fyab nan dat _____
(Dat)

Mwen pa vle nonmen moun sa a ankò kòm gadyen ki fyab, kidonk mwen anile desizyon sa a.

Paran) (Dat) _____ (Siyati

ANILASYON SA KI DEKLANCHE POUVWA MANDATÈ A

Mwen menm _____, m rete nan
(Non) (Adrès)

Mwen anile, ak tout respè, tout sa ki konsidere kòm eleman ki ka deklanche Pouvwa mandatè a mwen te

bay la

_____, living at _____ (Non) (Adrès)

(Siyati) (Dat)

Jwenn epi Anplwaye yon Avoka ki Lisansye nan Dwa

Si w bezwen èd pou pwoblèm konplike, ou ta dwe pale ak yon avoka. Ou ka kalifye pou resevwa sèvis jiridik gratis nan yon òganizasyon sèvis jiridik nan Connecticut, oswa yon avoka prive kapab ede w. Asire w ke avoka ou angaje a GEN LISANS e li gen EKSPERYANS SOU LWA IMIGRASYON.

Tout avoka *Connecticut* oblije gen lisans nan eta a. Ou ka konnen si yon avoka gen lisans. W ap chèche non yo sou sit entènèt Jidisyè Connecticut: [Connecticut Judicial website](#):

<http://www.jud.ct.gov/attorneyfirminquiry/AttorneyFirmInquiry.aspx>

Angaje yon Avoka: Kisa pou w mande

- ◆ Ki eksperyans ou ak yon seri ka tankou pa m?
- ◆ Konbyen kòb w ap mande m?
- ◆ Ki bagay espesifik ou ka fè pou ede m?

Avètisman! Pwoteje tèt ou kont magouy

Se sèlman yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan sètifye Biwo Egzekitif pou Ka Imigrasyon ak Komisyon Konsèy Imigrasyon ki otorize ak kalifye pou ede w avèk yon ka estati imigrasyon. W ap ka jwenn EOIR / BIA ki se reprezantan sètifye nan *Connecticut* sou sit sa a:

<https://www.justice.gov/eoir/page/file/942306/download#CONNECTICUT>

PA anboche okenn moun ki:

- ◆ Refize ba w yon kontra alekri
- ◆ Mande w lajan pou fòmilè imigrasyon ki blanch
- ◆ K ap pwomèt ou yon bon rezilta paske yo gen bon jan kontak nan Imigrasyon (USCIS)
- ◆ K ap di nan bouch yo se avoka ki gen lisans
- ◆ Mande w pou bay manti sou yon fòmilè oswa siyen yon dokiman vid
- ◆ K ap mande w kòb pou yo mete w sou yon "lis datant" oswa pou yo mete w "nan liy." Pa gen lis datant. Pa gen okenn liy.

Si ou sispèk y ap fè rakèt, siyale sa bay konsila pa w la oswa lapolis. Lè sa a, kontakte Komisyon Komès Federal la pou depoze yon plent nan lang anglè oswa panyòl nan 877-FTC-HELP (877-382-4357).

Sèvis Legal pou Fanmi ki pa touche anpil lajan

Pwogram sèvis legal *Connecticut* bay asistans jiridik gratis nan zafè sivil pou fanmi ki pa gen anpil antre lajan. Selon ki kote ou rete, gen yon pwogram sèvis jiridik ou ka rele

- ◆ Hartford County: Greater Hartford Legal Legal: 860-541-5000
- ◆ New Haven County: New Haven Legal Asistans: 203-946-4811
- ◆ Tout lòt zòn nan Connecticut: Connecticut Sèvis Imigrasyon: www.ctlegal.org/contact

Avoka prive yo

Si ou pa kalifye pou èd legal, ou ka jwenn yon avoka prive pou ede ou. Anpil avoka ki gen eksperyans nan lwa imigrasyon se manm Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken an. Ou ka

itilize sit entènèt yo pou chèche yon avoka imigrasyon Connecticut: <http://www.aila.org>. Ou ka konsidere mande pou reprezantasyon gratis oswa yon frè redwi.

Konnen Dwa w yo

Tout moun – moun ki gen papye ak moun ki san papye - gen dwa nan peyi sa a. Pale ak tout moun lakay ou, pitit ou tou, sou kisa pou yo fè si imigrasyon ICE vini lakay w, apwoche w, oswa arete w.

ICE Devan Pòt ou

- ▢ Ou pa oblije louvri pòt la pou ICE oswa nenpòt ofisye polis san yon manda ki gen siyati yon jij (yon "manda jidisyè").
- ▢ Yon manda jidisyè dwe gen non w byen ekri sou li ansanm ak adrès ou sou manda a.
- ▢ Mande pou yo glise manda a anba pòt la oswa montre w li nan yon fenèt pou w ka gade si se non w ki sou li, adrès ou ak siyati yon jij.

Si ICE Apwoche w oswa Arete w

- ▢ Ou gen dwa pou rete an silans: Ou pa oblije pale ak ICE oswa reponn kesyon yo. ▢ Rele yon avoka oswa konsilè w.
- ▢ Pa siyen okenn dokiman anvan w pale ak yon avoka.

Prepare w

- ▢ Toujou pote dokiman sou rezidans ou ki pa revele estati ou tankou yon kontra lwaye oswa bòdwo sèvis piblik. Pa pote dokiman ki pwouve estati w tankou yon paspò etranje oswa kat idantite.
- ▢ Si w gen youn, asire w fanmi w konnen nimewo imigrasyon w (Nimewo A). Ou kapab itilize nimewo imigrasyon sa a tou pou jwenn estati imigrasyon w ak dènye nouvèl sou odyans kap vini yo oswa òdonans pou yo depòte w: <https://acis.eoir.justice.gov/en/>.

Pou plis enfòmasyon, cheke:

- ▯ **Dwa Imigran ACLU:** <https://www.aclu.org/know-your-rights/immigrants-rights>
- ▯ **Resous Kominotè ILRC:** <https://www.ilrc.org/community-resources>

▯ **Ki jan pou prepare si ICE Debake:**
<https://www.immigrantdefenseproject.org/shareable-content/>

Resous

Si pitit ou a sou responsablite DCF:

Department of Children & Families: 1-800-842-2288

Aplike pou w Benefisye Avantaj:

Department of Social Services: 1-855-626-6632

1-855-6-CONNECT

Si ou te viktim vyolans domestik:

Connecticut Coalition Against Domestic Violence 1-888-774-2900

<https://www.ctcadv.org/help/survivors>

Enfòmasyon ak fòmilè pou gadyen:

Connecticut Probate Courts:: www.ctprobate.gov **Enfòmasyon sou**

sèvis sosyal:

United Way CT Local Services: 2-1-1

1-800-203-1234 (Si ou an deyò CT)

Enfòmasyon sou kijan pou w aplike pou azil nan kad yon demand endepandan (pro se):

Lòt òganizasyon ki pa lokal: <https://www.unlocal.org/pro-se-plus-project/>

Asistans legal:

Connecticut Legal Services Immigration: www.ctlegal.org/contact Greater

Hartford Legal Aid: 860-541-5000

New Haven Legal Assistance: 203-946-4811

www.aila.org

American Immigration Lawyers

<https://irisct.org>

Association: Integrated Refugee &

Immigrant Services: